

7

Kòman m kapab fè diferans ant sentòm grip ak sentòm COVID-19 yo pwisike yo tèlman sanble?

Li kapab difisil pou fè diferans ant maladi respiratwa yo tankou COVID-19, grip, ak RSV.

Pale avèk pwofesyonèl swen sante w la pou w kapab konnen ki tès ak tretman ki ka nesèsè an fonksyon de sentòm ou yo.




8

Mwen fèk gen COVID-19. Èske m kapab pran vaksen kont grip la?

Yo kapab repòte vaksen kont grip la sèlman lè w pa malad ankò. Ou kapab pran vaksen kont grip la depi w fin geri anba COVID-19 la epi w kapab kite lakay ou.

Pale avèk yon pwofesyonèl swen sante pou konnen ki lè ki plis apwopriye pou ou!




— Boston Public Health Commission —

PA BLIYE COVID-19 AK GRIP LA!

SEZON GRIP LA

YO PA BLIYE W OU MENM.



Boston Public Health Commission
Biwo Maladi Enfektye
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
www.boston.gov/bphc
617-534-5611

— Konnen Resous Ou yo! —



Jwenn yon Vaksen kont Grip!



Jwenn yon Vaksen kont COVID-19!

1 Kisa m dwe konnen sou grip la?

Leplisouvan, grip la lakoz timoun ak adilt yo malad tou piti; sepandan, grip la kapab lakoz kèk moun tonbe malad byen grav e li ka menm pafwa touye yo.

Gen kèk moun, tankou moun ki gen 65 lane ak plis yo, moun ki ansent, timoun ki gen pi piti pase 5 lane, ak moun ki gen pwoblèm medikal ki pa deklare yo, ki gen **plis risk pou yo gen konplikasyon ki lye ak grip la.**

Meyè fason pou pwoteje tèt ou ansanm ak pwòch ou yo se **pran vaksen kont grip ou a chak ane.**



2 Pwiske m te pran vaksen kont COVID-19 la, sa vle di m pwoteje kont grip la tou, pa vre?

Non! Grip ak COVID-19 se de maladi respiratwa ki kontajye, men se plizyè viris diferan ki bay yo.

Sa vle di vaksen kont COVID-19 la **PA** pwoteje kont grip la, epi vaksen kont grip la pa pwoteje w kont COVID-19 la tou.



3 Èske li posib pou yon moun gen ni grip la ni COVID-19 an menm tan?

Wi! Li posib pou yon moun gen grip la ak yon lòt maladi respiratwa tankou COVID-19 an menm tan. Yo rele sa yon *ko-enfeksyon*.

4 Mwen poko tande anyen sou grip la. Èske m dwe tann pou m pran vaksen an?

Mwa Septanm ak mwa Oktòb la se **meyè moman pou pran vaksen** kont grip la pou w kapab pwoteje pwiske grip la ap pwopaje.

Sepandan, lè w pran vaksen an pita pandan sezon an, sa kapab toujou ba ou yon bon pwoteksyon pwiske grip la kontinye ap pwopaje tout pandan mwa Avril ak Me a.



5 Mwen fèk pran vaksen kont COVID-19 la. Èske m dwe tann pou m pran vaksen kont grip mwen an?

Non! Ou kapab pran vaksen kont grip la ansanm ak vaksen kont COVID-19 la an menm tan an.



6 Èske pitit mwen an twò jèn pou l pran yon vaksen kont grip?

Tibebe ak timoun ki gen laj 6 mwa ak plis yo dwe pran vaksen kont grip ak vaksen kont COVID-19 yo a.

Pale avèk pwofesyonèl swen sante w fè konfyans lan si w gen nenpòt kesyon ak pou asire w ke li ajou avèk vaksen l yo.

